**दिन–शनिवार** **दिनांक–29.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा के जनता दल यूनाईटेडक कार्यकारी अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। जदयूक दिल्ली मे आयोजित राष्ट्रीय कार्यकारी बैसक मे ई निर्णय लेल गेल। बैसक मे पार्टी अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार संजय झा के कार्यकारी अध्यक्ष बनाओल जयबाक प्रस्ताव प्रस्तुत कयलनि। जकरा सर्वसम्मति सँ पारित कऽ देल गेल। जदयूक नव निर्वाचित कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जे जिम्मेदारी सौपलनि अछि ओहि लेल ओ अपन कृतज्ञता जतबैत छथि। ओ जनौलनि जे अबयबला समय मे पार्टी कँे आओर मजगूत बनेबाक लेल हमसभ मिलि कऽ काज करब।

---

लोजपा रामविलासक प्रमुख आ केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण मंत्री चिराग पासवान कहलनि जे बिहारक विभिन्न भाग मे खाद्य प्रसंस्करण इकाई खोलल जायत। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री पासवान कहलनि जे राज्य मे आम, लीची, मखान आ मकई सँ संबंधित उद्योगक विकासक पैघ संभावना अछि। ओ कहलनि जे नव उद्योगक स्थापना सँ राज्यक राजस्व बढ़त आ रोजगारक अवसर सेहो बढ़त। एहि सँ पहिने आइ पटना पहुँचवा पर पार्टी कार्यकर्त्ता हुनक जोरदार स्वागत कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रवि दिन पूर्वाह्न एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक ई एक सय एगारहम कड़ी होयत। श्री मोदी के लगातार तेसर बेर प्रधानमंत्री पद सम्हारबाक बाद मन की बातक ई पहिल कड़ी होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरर्शनक समूचा नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। एकर संगहि ई आकाशवाणी वेवसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर सेहो उपलब्ध रहत। मन की बात कार्यक्रमक आकाशवाणी समाचार, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आओर सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो एकर सोझे प्रसारण होयत। मन की बात कार्यक्रमक शीघ्रहि बाद

मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

——————————————————————

मौसम विभाग अगिला तीन सँ चारि दिनक दरमियान भोजपुर, बक्सर, कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद, अरवल सहित राज्यक दक्षिण भाग मे कतेको ठाम मेघगर्जन संग वर्षा आ वज्रपातक अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान कतेको ठाम तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलि सकैत अछि। एम्हर, राजधानी पटना आ लऽग पासक क्षेत्र मे वर्षा होयबा सँ लोकसभ के भीषण गर्मी सँ थोड़ेक राहत भेटल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला बहत्तरि घंटाक दरमियान राज्य मे वर्षाक अनुकूल परिस्थिति बनि रहल अछि। एहि अवधि मे तेज हवाक संग राज्यक विभिन्न भाग मे नीक वर्षाक संभावना अछि। एहि दरमियान पूर्वी चंपारण आ पश्चिम चंपारण जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक चेतावनी अछि।

——————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी– एनटीए पछिला दिन रद्द आ स्थगित परीक्षा सभक कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। एनटीएक अधिसूचना मे जनाओल गेल अछि जे जून मे आयोजित होबयबला यूजीसी– नेट परीक्षा आब एक्कैस अगस्त सँ चारि सितंबरक मध्य आयोजित कयल जायत। परीक्षा ऑनलाईन मोड मे होयत। ध्यातव्य अछि जे ई परीक्षा एहि मासक अट्ठारह तारीख कऽ आयोजित कयल जयबाक एक दिन बाद रद्द कऽ देल गेल छल। ओतहि संयुक्त सीएसआईआर यूजीसी– नेट परीक्षा पच्चीस सँ सत्ताईस जुलाई धरि आयोजित होयत। जखनकि, एनसीईटी परीक्षा दस जुलाई कऽ आयोजित कयल जायत।

——————————————————————

समस्तीपुर जिलाक पुसा स्थित डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद केन्द्रीय कृषि विश्वविद्यालय के उत्कृष्ट काजक लेल एहि वर्षक रैंकिंग मे देश मे सातम स्थान भेटल अछि।

भागलपुरक रेशम भवन मे खादी मेला लगाओल गेल अछि। बिहार खादी ग्रामोद्योग द्वारा सात जुलाई धरि आयोजित मेला मे भागलपुर, नवगछिया आ लऽग पासक बुनकर सभक बनाओल खादी वस्त्रक प्रर्दशन कयल जा रहल अछि।

——————————————————————

टी–ट्वेंटी वर्ल्डकप के फाईलन मोकाबिला मे आइ भारतक भिडंत दक्षिण अफ्रीका सँ होयत। ई मैच बारबेडॉस मे भारतीय समयक अनुसार राति आठ बजे सँ खेलायल जायत। भारत सेमीफाईनल मे इंग्लैंड के जखनकि दक्षिण अफ्रीका अफगानिस्तान के हरा कऽ फाईनल मे जगह बनौलक अछि। दक्षिण अफ्रीकाक टीम पहिल बेर कोनो आईसीसी क्रिकेट विश्वकप के फाईनल मे पहुँचल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।